

Ouvèti Sant Sekou Apre Katastwòf yo nan Konte Lee ak Sarasota yo

Release Date: October 6, 2022

TALLAHASSEE – Eta [Florida](#) a ansanm ak [FEMA](#) te ouvè de (2) lòt Sant Sekou Apre Katastwòf (Disaster Recovery Centers, DRC) eta a ap kontwole nan konte Lee ak Sarasota yo.

LEE COUNTY

Fort Myers DMS Building, 2295 Victoria Ave., Fort Myers, FL 33901

SARASOTA COUNTY

Shannon Staub Public Library, 4675 Career Lane, North Port, FL 34289

Èdtan fonksyònman: 9 a.m. to 6 p.m. sèt jou sou sèt.

Sant Sekou Apre Katastwòf yo mete enfòmasyon ki sòti nan ajans eta Florida yo, nan FEMA epi nan U.S. Small Business Administration (Administrasyon Ti Biznis Ameriken yo) disponib pou sivivan katastwòf yo. Sivivan katastwòf yo kapab jwenn èd lè yo aplike pou asistans federal ak prè pou katastwòf, modifye aplikasyon yo epi jwenn enfòmasyon sou lòt resous ki disponib.

Gen yon lòt sant ki ap fonksyone nan:

LEE COUNTY

Lakes Regional Library, 15290 Bass Road, Fort Myers, FL 33919



FEMA

Page 1 of 2

Li pa nesesè pou yon moun ale nan yon sant pou li aplike. Sivivan yo kapab ale sou entènèt sou disasterassistance.gov, itilize [aplikasyon mobil FEMA a](#) oswa rele 800-621-3362. Èd la disponib nan tout lang.

Si w ap itilize yon sèvis relè, tankou yon relè videoyo (Video Relay Service, VRS), sèvis telefòn ki soutitre oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo sèvis sa a.

Sant Sekou Apre Katastwòf yo gen aksè pou moun ki andikape ale ladan yo. Yon genyen ekipman asistans teknoloji ki pèmèt sivivan katastwòf yo entèyaji ak pèsonèl la. Gen sèvis Entèpretasyon Videyo a Distans ak langaj siy fas a fas ki disponib sou demann. Sant yo genyen pakin, ranp ak twalèt ki aksesib pou tout moun.

Mete sou sant yo, ekip FEMA Disaster Survivor Assistance, DSA (Asistans FEMA pou Sivivan Katastwòf) yo ap mache nan tout katye ki anndan zòn Siklòn Ian te frape pi plis yo pou ede moun ki rete la yo aplike pou aistans FEMA a epi reponn kesyon yo kapab genyen sou asistans federal. Ekip DSA yo gen inifòm FEMA sou yo epi yo gen badj idantifikasyon federal ki gen foto yo ladan I. Sèvis sa a gratis.

Asistans Endividyle FEMA a kapab ede nan depans tanporè pou lojman yo, ti reparasyon nan kay yo ak lòt bezwen esansyèl moun kapab genyen apre katastwòf.

Pou w kapab jwenn yon videoyo ki aksesib sou kijan pou aplike pou yon asistans, ale sou [FEMA Accessible: How to Register with Disaster Survivor Assistance - YouTube](#).



FEMA

Page 2 of 2